



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE STATE PARKS, NIAGARA FALLS USA PRAL AKEYI
NASA POU FESTIVITE EKLIPS YO**

Eclips solè total avril 2024 la prevwa atire plizyè milye moun nan vil la

Yo pral wè pwochen eklips solè total nan alantou Etazini an jiska 23 out 2044

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke iwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York ansanm ak plizyè antite ki gen enterè nan endistri touristik la nan Niagara Falls, NY pral kolabore ak Administrasyon Nasyonal pou Espas ak Ayewonotik (National Aeronautics and Space Administration, NASA) pou bay pwogramasyon ak evènman espesyal alantou Eklips Solè Total ki pral fèt 8 avril 2024 la.

"Niagara Falls se yon dekò natirèl espektakilè pou evènman ki rive yon fwa nan lavi sa a, epi travay ak NASA pou bay pwogramasyon ak edikasyon ki mennen nan eklips la asire l ap atire plizyè milye Nouyòkè ak vizitè nan vil la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou kontan anpil pou nou travay ak anpil nan patnè touristik nou yo pou pote yon enèji elektrik nan tout zòn nan pou mèvèy selès sa a."

Administratè Asosye NASA pou Syans, Nicola Fox, te deklare, "Nou kontan dèske nou nan New York pou nou angaje ak edike Niagara Falls ak kominote ki antoure yo sou eklips solè total la. Nou espere ke evènman sa yo, ansanm ak tout aktivite eklips nou yo nan tout peyi a, enspire ak ankouraje pwochen jenerasyon an – Jenerasyon Artemis lan – eksploratè yo, syantis yo, ak enjenyè yo."

Apati 4 avril 2024, syantis yo, ekspè yo nan domèn lan ak astwonòt nan NASA pral bay pwogram ak ekspozisyon nan tout vil la nan lokal ki gen ladan Bibliyotèk Piblik Niagara Falls (Niagara Falls Public Libraries), Sant Patrimwan Wout Ray Soutèren (Underground Railroad Heritage Center), Akwaryòm Niagara (Aquarium of Niagara), Panorama Otorite Enèji New York (New York Power Authority Vista), Enstiti Kilinè Niagara Falls (Niagara Falls Culinary Institute) ak Pak Eta Niagara Falls (Niagara Falls State Park). Tout evènman yo pral gratis epi ouvè pou piblik la (yo ka mande rezèvasyon selon disponiblite espas) pandan tout wikenn ki mennen jiska evènman 8 avril la. NASA pral òganize evènman menm jan an nan plizyè lòt vil atravè chemen totalite a.

Yon kantite ajans & otorite eta yo te fòme yon gwoup travay ak patnè yo nan tout nivo gouvènman an pou asire sante ak sekirite Nouyòkè yo ak vizitè yo pou evènman an. Kolaborasyon sa a deja epi l ap kontinye etidye preparasyon, swit ak rekòmandasyon eta ak minisipalite yo ki te nan chemen eklips out 2017 la. Lòt efò travay yo enkli kominikasyon ak operasyon, kontwòl ak planifikasyonsikilasyon, maketin ak edikasyon. Pou eklips la ak preparasyon li yo, Eta New York pral kenbe wòl sipò lojistik li ansanm ak jere pwòp resous li yo tankou pak ak wout yo. An jiyè, Gouvènè Hochul te anonse [teren kan nan State Park yo ta pral ouvri pou akomode vizitè yo](#) pou evènman selès sa a; tout sit sa yo plen kounye a. Pou plis enfòmasyon sou fason pou pi byen fè eksperyans eklips la nan Eta New York, ki gen ladan zòn yo sijere pou gade, evènman ki planifye ak enfòmasyon enpòtan sou sekirite, vizite www.iloveny.com/eclipse jodi a.

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Nou te planifye pou evènman sa a pou plizyè ane epi nan rèv ki pi fou nou yo, nou pa t kapab imajine ke nou te kapab travay ak NASA pou bay eksperyans enkwayab sa a. Nou konnen ke moun pral rasanble nan vil la ak nan Park la pou patisipe nan tout evènman k ap presede gwo moman an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Destination Niagara John Percy, te deklare, "Bote natirèl Niagara Falls State Park ak zòn ki antoure a bay anpil pwen avantaj inik pou vizitè yo fè eksperyans eklips solè total la. Programasyon adisyonèl NASA bay yo vrèman distenge Niagara Falls USA kòm kote prensipal pou gade fenomèn natirèl sa a."

Senatè Eta a Rob Ortt te deklare, "Yon eklips solè total se yon evènman ki ra, eksitan epi lefèt ke rejyon Lwès New York nan sant youn ane pwochèn epi syantis NASA yo pral bay evènman espesyal epi pwogramasyon nan zòn nou an pral fè kèk eksperyans vrèman inoubliyab, anplis bay yon ogmantasyon ki nesèsè pou ekonomi Niagara Falls la."

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, "Fè NASA vini nan Niagara Falls pou evènman ki rive yon fwa nan lavi sa a enteresan epi li pral sètènman sèvi pou amelyore eksperyans eklips sa a. Nou konnen ke moun pral vini nan Niagara Falls soti toupatou epi li pral bèl bagay pou kapab konplete vizit yo ak pwogramasyon yo pral bay la."

Majistra Niagara Falls la, Robert Restaino, te deklare, "Nou kontan pou nou youn nan vil òganizatè yo pou rejwenn NASA nan obsèvasyon mèvèy natirèl espektakilè sa a... mèsè ak Gouvènè Hochul paske li te rekonèt Niagara Falls, ki se lakay mèvèy natirèl Eta New York la, se kote ki pafè."

Direktè Rejyonal Otorite Enèji New York nan Lwès New York la, Jairo Florez, te deklare, "Kòm yon etablisman rekreyasyon ak edikasyon gratis ak piblik nan dènje "pwen solè" NASA deziyen anvan eklips la antre nan Kanada, Panorama Niagara Power Otorite Enèji New York la paka tann pwogram kolaborasyon li ak NASA ak NYS Parks pou sipòte panorama inik sa a ak opòtinite edikasyon."

Prezidan Inivèsite Kominotè Konte Niagara a, William Murabito, te deklare,
"Inivèsite Kominotè Konte Niagara a kontan anpil pou l akeyi NASA pou sa ki asire ke l ap yon evènman inik isit la nan lwès New York. Eksplorasyon, imajinasyon, ak syans fòme fondasyon ansèyman nan Enstiti Kilinè Niagara Falls nou an, ki fè li yon sit ideyal pou patenarya sa a. Nou pa ka tann pou nou pote pwogramasyon alantou eklips solè avril pwochen an bay pi laj odyans posib."

Niagara Falls pral fè eksperyans kòmansman eklips la a 2:04 pm ak totalite konplè kap kòmanse a 3:18 pm, k ap dire 3 minit ak 31 segonn. Eklips la pral fini a 4:31 pm.

Yo pral mete detay pwogram Niagara Falls yo ajou pandan y ap devlope nan <https://www.niagarafallsusa.com/2024-solar-eclipse>.

Enfòmasyon sou evènman k ap fèt atravè Eta New York vizite <https://www.iloveny.com/events/eclipse-2024/>

Pou plis enfòmasyon sou syans eklips la gade <https://solarsystem.nasa.gov/eclipses/2024/apr-8-total/overview/>

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)